



Maladi Nemokosik

Kisa maladi nemokosik ye?

Maladi nemokosik se yon maladi bakteri koze. Li ka enfekte poumon yo, san an, ak manbràn ki vlope sèvo a. Li pi komen pandan livè ak prentan, men li ka rive pandan tout ane a.

Ki sentòm yo pou maladi nemokosik?

Sentòm ki pi komen yo se frison, lafyèv, doulè nan pwatrin, souf kout, ak yon tous ki grav. Lòt sentòm ken ladan yo kou rèd, mal tèt, doulè lè ou gade nan limyè ki klere anpil, konfizyon, ak doulè nan zòrèy. Pifò nan enfeksyon nemokosik yo lejè. Nan kèk ka, enfeksyon an kapab touye moun oswa gen pou konsekans domaj nan sèvo oswa vin pa tande byen.

Kijan maladi nemokosik gaye?

Jèm yo gaye de moun-a-moun nan kontak dirèk ak sekresyon respiratwa tankou krache oswa larim. Yo flite nan lè a lè yon moun touse, etènye oswa pale. Moun ka pote jèm yo nan nen ak gòj yo, epi yo ka gaye li san yo pa santi yo malad.

Ki moun ki ka atrape maladi nemokosik?

Nenpòt moun ka atrape maladi nemokosik. Timoun trè jèn (pi piti pase 2 an), timoun ki nan gwoup gadri, granmoun swasanssenk ane ak plis, ak moun nenpòt laj ki gen kèk pwoblèm medikal kwonik, oswa gen sistèm iminitè yo ki febli gen pi gwo risk.

Kijan yo trete maladi nemokosik?

Yo trete maladi nemokosik ak antibyotik. Founisè swen sante ou pral detèmine ki tretman ki pi bon pou ou. Kèk enfeksyon nemokosik reziste a antibyotik moun itilize nòmalman, sa ki rann tretman pi difisil. Moun ki gen ka ki pi grav yo kapab bezwen trete nan lopital, pafwa nan swen entansif.

Èske moun ka evite maladi nemokosik?

Wi. Genyen de (2) vaksen ki ka ede anpeche maladi a. Vaksen konjige anti-nemokosik la (PCV13) pwoteje kont 13 tip bakteri nemokosik ki gen plis chans pou lakòz enfeksyon ki grav lakay timoun ki jèn anpil. Vaksen anti-nemokosik polisakarid la (PPSV23) pwoteje kont 23 tip bakteri nemokosik ki gen plis chans pou lakòz maladi lakay timoun yo ki pi gran ak adilt. Gen kèk moun ki pral bezwen plis pase yon dòz vaksen anti-nemokosik. Tcheke ak founisè swen sante ou pou wè ki sa ki pi bon pou ou.

Ki moun ki ta dwe pran vaksen anti-nemokosik yo?

Yo rekòmande vaksinasyon regilyèman pou tibebe yo ak moun yo ki gen laj swasanssenk ane ak plis. Yo konseye vaksinasyon tou pou timoun ak adilt ant laj dezan ak swasant-kat tran, ki soufri ak kondisyon pwofon tankou:

- anemi falsifòm
- grèf ògàn
- lesemi
- lenfòm
- maladi ren ki grav
- enfeksyon VIH, oswa yon sistèm iminitè ki febli
- ekoulman LCR
- enplant kokleyè
- opresyon
- fimèn

Pale ak founisè swen sante ou pou asire oumenm ansanm ak fanmi ou nan mizajou ak tout vaksen ki rekòmande yo.

Nan ki pwen vaksen anti-nemokosik yo san danje?

Nenpòt vaksen ka koze efè segondè lakay kèk moun. An jeneral, reyaksyon yo apre vaksinasyon se bagay ki ka geri epi yo oto limite. Kèk moun ki pran vaksen anti-nemokosik yo gen yon ti anfleman ak doulè nan bran kote yo te pran vaksen an. An jeneral, sa dire mwens ke 2 jou. Ka gen lafyè nan de premye jou yo, sitou apre vaksinasyon PCV13 nan. Efè segondè yo tankou reyaksyon alèjik yo se bagay ki ra.



Boston Public Health Commission | Infectious Disease Bureau

Massachusetts Avenue | Boston, MA 02118 | www.bphc.org | 617-534-5611